




Limye Pou Lekòl La

Mas—Avril 2010

Fanmi Rich Ki Nan Legliz La-

Eddie Ogan

Mwen pa janm bliye sezon Pak la nan ane 1946. Mwen te gen 14 zan. Ti sè mwen, Oksi, te gen 12 zan, e gran sè mwen, Dalèn, te gen 16 zan. Nou te viv lakay ak manman nou, e nou kat la te konnen kisa sa ye pou viv san anpil bagay.

Papa mwen te mouri senk ane anvan. Li te kite manman nou san lajan pou elve sèt timoun lekòl. Rive ane 1946 pi gran sè mwen yo te marye, e frè mwen yo te kite kay la.

Yon mwa anvan Pak la, pastè legliz nou an te anonse ke yo va fè yon ofrann espesyal pou ede yon fanmi pòv. Li te mande chak moun pou ekonomize e fè yon sakrifis pou bay.

Lè nou te rive lakay, nou te pale sou sa nou kapab fè. Nou te deside achte 50 liv pòm detè e manje sa sèlman pandan yon mwa. Sa ta pèmèt nou ekonomize 20 dola nan lajan nou an pou mete nan ofrann.

Après sa nou te panse si nou pa ta pase limyè elektrik yo, kite yo etenn nan mezi nou kapab, nou ta ekonomize sou lajan kouran an. Dalèn te fè efò pou jwenn anpil travay netwaye kay ak lakou, e nou toulede te okipe timoun lòt moun lè yo t'ap sòti pou nou jwenn yon ti kòb. Pou 15 santim, nou te kapab achte ase fil koton pou fè twa tòchon pou kenbe veso ki cho pou nou vann pou yon (1) dola. Nou te fè 20 dola sou tòchon pou kenbe veso ki cho yo.

Mwa sa a te pi bon mwa pou lavi nou. Chak jou nou te konte lajan an pou wè ki kantite nou te ekonomize. Leswa nou te konn chita nan fènwa e pale kouman fanmi pòv la t'apral kontan lajan legliz la va ba yo. Nou te gen anviwon 80 moun nan legliz la, konsa nou te figire ke nenpòt kantite lajan nou dwe bay, ofrann nan ta omwens 20 fwa kantite sa a. Apre tou, chak dimanch pastè a te fè chak moun sonje ke yo dwe ekonomize pou ofrann sakrifis la.


Jou anvan Pak la, Oksi avè m', nou te mache ale nan boutik la e mande administratè boutik la pou chanje lajan an pou nou pou ban nou twa bèl biyè 20 dola ak yon bèl

biyè 10 dola pou ti monnen nou yo. Nou te kouri sou tout wout la pou ale lakay nou pou montre manman nou ak Dalèn lajan nou te chanje a. Nou pa t' janm gen kantite lajan konsa anvan.

Jou swa sa a nou te tèlman eksite ke nou te prèske pa t' kapab dòmi. Nou pa t' gen pwoblèm paske nou p'ap gen nouvo rad pou Pak la ; nou te gen 70 dola pou ofrann sakrifis. Nou te prèske pa t' kapab tann pou ale legliz la pou nou bay ofrann nan !

Dimanch maten, lapli t'ap tonbe. Nou pa t' gen parapli, e legliz la te prèske distans 2 kilomèt ak kay nou, men sa pa t' sanble yon pwoblèm si nou te mouye anba lapli a. Dalèn te gen yon katon nan soulye li pou bouche twou. Katon an te chire, e pye li te mouye. Men nou te kontan lè nou te chita nan legliz la. Mwen te tande kèk jenn timoun pale sou pitit Esmi yo ki te genyen menm vye ansyen wòb yo. Mwen te gade yo nan nouvo rad yo, men mwen te santi mwen rich.

Lè yo t'ap ranmase ofrann sakrifis la, nou te chita nan dezyèm ranje ban devan an. Manman nou te mete biyè 10 dola a, e nou chak fi te mete biyè 20 dola nou nan panyè ofrann nan. Lè nou t'ap mache ale lakay apre legliz, nou



te chante sou tout wout la. Nan moman dine Manman nou te gen yon sipriz pou nou. Li te achte yon douzèn ze, e nou te bouyi ze pou manje ak pòm detè fri !

Nan menm aprè midi a pastè a te pase lakay nou byen ta nan machin li. Manman nou t'ale nan pòt la, pale ak li pou yon moman, e apre sa li te tounen ak yon anvlòp nan men li. Nou te mande sa li te ye. Men li pa t' di yon mo. Li te louvri anvlòp la, e yon kantite lajan te soti ladan. Te genyen twa biyè 20 dola, de biyè 10 dola, ak 7 dola.

Manman nou te remete lajan an nan anvlòp la. Nou pa t' pale, nou te senpleman chita e gade atè. Nou te soti nan santiman ke nou te tankou milyonnè pou desann nan santiman ke nou sanble ak pòv fatra blan.

Nou menm kòm timoun te tèlman kontan ak lavi nou ke sa te toujou fè nou mal lè nou t'ap gade lòt timoun ki pa t' genyen yon bon manman ak papa, anpil sè ak frè, ak moun k'ap vizite yo tout tan. Nou te panse se te yon plezi pou pataje vèsèl, e wè si nou gen fouchèt oubyen kiyè jou swa sa a. Nou te gen de kouto ki te pase otou tab la pou nenpòt moun ki te bezwen yo. Mwen te konnen nou pa t' gen anpil bagay ke lòt moun te genyen, men mwen pa t' janm panse nou te pòv. Jou Pak sa a mwen te dekouvri ke nou te pòv. Pastè a te pote lajan pou fanmi pòv la, konsa nou dwe pòv.

Mwen pa t' renmen lide ke mwen te pòv la. Mwen te gade wòb mwen ak soulye chire mwen, e mwen te santi mwen tèlman wont ke mwen pa t' anvi tounen legliz la. Se posib chak moun la te konnen nou te pòv ! Mwen te panse konsènan lekòl la. Mwen te nan uityèm ane e mwen te premye nan mitan 100 elèv. Mwen t'ap mande mwen si lòt elèv nan lekòl la te konnen nou te pòv. Mwen te deside kite lekòl la piske mwen te gentan fini uityèm ane (klas) a. Se tou sa lalwa te mande nan tan sa a.

Nou te chita nan silans pou lontan. Apre sa li te fènwa, e nou t'ale kouche. Tout senmenn sa a, nou menm tifi yo nou t'ale lekòl e tounen lakay, e pèsonn pa t' pale anpil. Finalman samdi, manman nou te mande nou kisa nou te vle fè ak lajan an. Kisa moun pòv fè ak lajan ? Nou pa t' konnen. Nou pa t' janm konnen nou te pòv.

Nou pa t' vle ale legliz dimanch, men manman nou te di ke nou dwe ale. Malgre se te yon bèl jou ak anpil solèy, nou pa t' pale sou wout la. Manman nou te kòmanse chante, men okenn nan nou pa t' chante ak li. Li te chante yon sèl estwòf.

Nan legliz la nou te gen yon misyonè ki te pale. Li te pale sou kouman legliz nan Afrik te fè kay ak brik seche nan solèy, men yo te bezwen lajan pou achte tòl pou legliz yo. Li te di 100 dola ta peye pou kouvri yon kay tankou legliz la. Pastè a te di : « Èske nou tout pa ta fè sakrifis pou ede moun pòv sa yo ? »

Nou te gade yonn lòt e souri pou premye fwa nan yon senmenn. Manman nou te foure men nan bous li e rale anvlòp la. Li te pase li bay Dalèn, Dalèn te ban mwen li, mwen te lonje li bay Oksi. E Oksi te mete li nan ofrann nan.

Lè ofrann nan te konte, pastè a te anonse ke se te yon ti kras plis pase 100 dola. Misyonè a te kontan. Li pa t' espere yon si gwo ofrann nan ti legliz nou an. Li te di : « Nou dwe gen kèk moun rich nan legliz sa a ».

Briskeman sa te frape nou ! Nou te bay 87 dola nan « ti kras plis pase 100 dola a ». Nou te fanmi rich nan legliz la ! Èske misyonè a pa t' di sa ?

Apati jou sa a mwen pa t' janm pòv ankò. Mwen te toujou sonje ki jan mwen rich paske mwen gen Jezi.

Eddie Ogan
Itilize avèk pèmision

« Men Se Mwen Menm Ki Pwofesè a »

Nevin R. Weaver

Kisa ki pase nan tèt ou lè ou di zanmi ou ke ou dakò pou vin yon pwofesè ? Kisa yon pwofesè ye ? Kisa sa vle di lè ou se yon pwofesè ? Kisa n'ap bezwen chanje nan lavi nou pou nou vin yon pwofesè ? Nan atik sa a, nou va konsidere kèk bon prensip ki fè pwofesè a gen siksè. Anpil nan prensip sa yo enpòtan pou siksè kretyen, kèlkeswa sa Bondye mande ou fè nan lavi a ; men lè Li rele ou pou anseye, sa vin espesyalman enpòtan.

Lè ou se yon pwofesè, sa vle di ou dwe gen diyite.

Si yo mande ou anseye, ou pi gran pase elèv yo. Li bon tou pou ou gentan devlope plis pase yo mantalman, nan lavi esprityèl ou ak nan matirite sosyal ou. Pa eseye mete ou sou menm nivo ak yo nan mwayèn timoun ki san matirite kòm yon fason pou konekte ak yo. Ou va pase tout jou yo ap travay epi jwe ak moun ki san matirite. Ou ap bezwen eseye kominiye sou nivo yo. Men pa

kòmanse wè tèt ou kòm kamarad yo.

Lè ou ale legliz, wè elèv sa yo e swiv kouman yo parèt piti nan mitan granmoun yo. Sonje jan yo se timoun pou ede ou kenbe plas ou kòm granmoun devan yo. Aji ak yo kòm yon granmoun ki travay ak timoun olye ou menm ou aji kòm yon lòt timoun nan mitan yo. Lè yonn nan elèv ou yo ap fè blag, epi ou santi ou anvi gade li ak yon grimas sou figi ou tankou ou abitye fè pou gran frè ou lakay, sonje sa se pa menm bagay ak gran frè ou la. Paske se ou menm ki pwofesè a.

Lè ou se yon pwofesè, sa vle di ou kontwole tèt ou.

Yon pwofesè, ki se yon moun menm jan ak nenpòt lòt moun, kapab gen santiman ki varye, ki pa estab. Lè santiman li ta pouse li fè sotiz, ta vle fè li fè kòlè oubyen kèk lòt aksyon ki pa bon, pwofesè a dwe di tèt li : « Men se mwen menm ki pwofesè a. Yon pwofesè pa kapab aji konsa. Anplis sa, mwen se yon kretyen ».

Lè ou se yon pwofesè, sa vle di ou konsantre sou sa ou ap fè.

Ansèyman se yon djòb. Yon pwofesè pa kapab espere gen siksè byen vit nan ansèyman si li pran travay li kòm yon jwèt. Metòd aprantisaj la se yon zafè konplike, ki mande pwofesè a pou li byen konsantre epi investi anpil tan nan edike tèt li. Nouvo pwofesè a espesyalman dwe konsakre jounen an nèt nan zafè ansèyman. Nouvo pwofesè a dwe santi yon gwo dezi pou vin yon bon pwofesè tankou yon nouvo kiltivatè ki toujou ale gade epi pran swen jaden li. Kèkfwa li menm bon pou travay byen ta nan nwit, si pèdi somèy la pa deranje li. (Pwofesè a dwe asire li ke li kapab reyisi san li pa chaje tèt li jistan sa fè li malad).

Konsantre pa vle di ke pwofesè a dwe ap etidye depi li leve nan maten jistan li antre nan klas li oubyen fòk li etidye jistan li kouche nan aswè. Pwofesè ap jwenn bon jan edikasyon plis kote pase nan liv sèlman. Yon vizit nan aswè lakay fanmi yon elèv kapab byen edikatif. Men pwofesè a dwe evalye tan li epi elimine bagay ki kapab fè li pèdi konsantrasyon li sou ansèyman.

Li posib ke pwofesè pami moun ki pi sosyab ki egziste, konsa asiste evènman sosyal kapab atire yo anpil. Nan zòn ki gen anpil moun, li posib ke pwofesè a gen anpil zanmi nan plizyè legliz diferan, epi chak legliz gen aktivite pa yo. Chak legliz ta renmen wè pwofesè a asiste yo nan aktivite pa yo, epi tout moun ap mande pwofesè a : « Èske ou ap vin nan revèy nou an, oubyen èske ou ap vin asiste nou nan sèvis aswè nou an, oubyen nan konvansyon nou an . . . ? » Paske li se yon pwofesè, l'ap oblije reponn : « Mwen ta sipoze la men . . . ».

Pwofesè a dwe konsantre li sou jerans klas la. Li kapab

gen jou kote li anvi pale epi rakonte istwa sèlman. Istwa kapab anvayi lespri li pandan li ap anseye. Li dwe fè tèt li sonje : « Men mwen se yon pwofesè, mwen pa la pou amize elèv yo. Ki bi tan klas mwen ? Ki istwa, ki espikasyon, ki chema ak ki kesyon ki va fasilite konpreyansyon etidyan mwen yo sou materyèl la ? Se sa yo sèlman mwen va itilize ».

Lè ou se yon pwofesè, sa vle di ou anseye.

Anseye se kominike bay lòt moun sa yo pa t' konnen oubyen pa t' konnen byen tankou yo va konnen lè ou fini. Pwofesè, si ou va genyen vrè tit pwofesè, ou dwe fè efò pou ou kominike souvan yon bagay edikatif nouvo bay etidyan ou yo. Ou dwe tou byen kenbe epi ranfòse prensip ou te deja anseye yo. Ou pa dwe satisfè ke yo sèlman aprann pou bliye, menm jan yon kiltivatè pa sèlman satisfè ak danre li pouse.

Konsa pwofesè dwe itilize bon jan revizyon pou simante nouvo aprantisaj, pou li ajoute lòt enfòmasyon sou sa li te deja bay. Anpil tès sijere ke elèv yo kapte nouvo materyèl pi byen anviwon dis minit apre etid nouvo materyèl fini. Si yon revizyon materyèl sa a fèt nan menm moman sa a, tankou fè devwa ekri, li fikse nan lespri pou yon lòt jou. Si revizyon pa fèt nan moman sa a, nan anviwon dis minit apre ansèyman, katreven pousan enfòmasyon yo fenk tande nan yon kou etid inèdtan pèdi nan premye vennkatredtan. Nan pwochen jou a, materyèl la dwe revize pou rete nan memwa a pou yon senmenn. Lè senmenn nan fin pase, li dwe revize li ankò pou li rete nan memwa a pou yon mwa. Lè ou pa revize konsa, aprantisaj la retade, piske anpil materyèl bezwen reyapran.

Lè ou se yon pwofesè, sa vle di ou gen otorite.

Otorite se dwa pou bay règ ak ranfòse lòd. Yon bagay ki enpòtan pou yon pwofesè se pou li sèvi byen avèk otorite sa a. Anpil fwa otorite sa a se yon nouvo esperyans pou yon nouvo pwofesè, konsa timoun lekòl se premye esperyans pwofesè a. Se fasil pou nou menm, nouvo pwofesè, mal sèvi ak otorite nou. Kèkfwa yon pwofesè bay presyon kote li pa dwe ba li. Pa egzanp, pwofesè a mal sèvi ak pozisyon li pou li di : « Men se mwen menm ki pwofesè a » pou li eseye fè yon regleman pou timoun yo bwose dan yo chak swa lè yo lakay yo.

Anmenmtan, kèkfwa yon pwofesè manke egzèsè otorite li genyen. Li manke di « Men se mwen menm ki pwofesè a » lè li dwe di sa. Ann konsidere kèk elèv : Tijan se yon elèv ki tout tan ap eseye bay ide kouman pou byen jere klas li. Pwofesè a dwe di li : « Tijan, se mwen menm ki pwofesè a. Lè ou vin yon pwofesè, ou va kapab itilize bon ide pa ou. Men jodi a se mwen menm

ki pou bay ide pa m ».

- Miryam se yon elèv ki tout tan ap di pwofesè a kouman dènye pwofesè li a te fè bagay yo ane pase. Miryam bezwen tandè pwofesè a di li byen dou men ak otorite : « Madmwazèl An te pwofesè a ane pase, men kounyeya se mwen menm ki pwofesè a. Ane pase gentan fini, nou gentan nan yon lòt ane ak yon lòt pwofesè epi tout moun pa fè bagay yo menm jan. Nouvo pwofesè ak nouvo metòd souvan mache ansanm ».

Yon lòt pwofesè ap lite pou fè pwogrè nan klas dezyèm ane. L'ap reflechi : « Senmenn pwochen, kou lekti dwe rive pou yo kapab li paj sa a nan yon sèl minit. Men kisa m' pral fè ak Fanfan ? L'ap mal pou li paj la nan de minit ! Epi paran li yo ap gade kouman yo ye pou yo menm yo satisfè ak sa pitit yo gentan bay ! Kisa mwen kapab fè si paran yo pa wè sa yon pwoblèm ? » Pwofesè, se pou ou saj nan yon sitiyasyon konsa ; men se ou menm ki pwofesè a. Direktè a te mete ou nan klas la pou ou anseye. Ou konnen ke sa elèv la bay pa sifizan. Ou gen resous nan lekòl la ke ou kapab itilize nan lekòl la, tout anba kontwòl ou, epi se responsablite ou pou fè pwogrè ak Fanfan pou ou fè tout sa ou kapab nan lekòl la pou li.

Lè ou se yon pwofesè, sa vle di ou se yon moun ki responsab.

Devwa Edwa te toujou anreta, se te menm pwoblèm nan chak jou. Tout sa pwofesè a te fè pou rezoud pwoblèm nan sa pa t' fè anyen. Pwofesè a pa t' santi li te vle twò cho nan atake pwoblèm nan ; okontrè li pa t' menm anvi voye je sou pwoblèm nan ankò, men pwofesè a te di nan tèt li : « Non ! Se mwen menm ki pwofesè a. Se responsablite mwen pou chofe Edwa ase pou fè li reyaji. Mwen kapab mande konsèy ak lòt èd, men an fen se mwen menm ki dwe fè yon bagay pou chanje sitiyasyon an ».

Petèt yon nouvo pwofesè te fenk wè lè Jòj te voye yon bout gòm sou tèt yon lòt elèv. Jòj pa t' konnen pwofesè a te wè sa li te fè a. Jòj te yon gwo gason, se li ki te pi gwo nan lekòl la. Se te sèlman dezyèm senmenn lekòl la. Pwofesè a pa t' vle kòmanse ane a ak konfli. Men li te reflechi : « Se mwen menm ki pwofesè a. Se travay mwen pou mwen byen kenbe Jòj nan travay li, pou pwoteje atmosfè etid la pou lòt yo epi pou prezève lòd nan klas la. Fòk mwen pale ak Jòj nan rekreyasyon an ».

Madmwarzèl Sizàn te pou kont li nan klas la apre lekòl te lage. Li te poze tèt li nan mitan 2 pla men li. Li t'ap reflechi sou kouman Mak malelve. Li t'ap

reflechi sou kouman Mak toujou pale sou nenpòt bagay : swa yon timoun nan lekòl la li pran pou egare oubyen yon fanmi nan legliz la li pran pou pòv. Li aji yon ti jan brital fizikman tou epi li toujou ap pouse lòt timoun yo pou li pran devan yo nan liy. « Mwen panse mwen va pale ak paran li demen swa nan reyinyon nan lekòl la ».

Pou Madmwazèl Sizàn, li ta bon, epi menm enpòtan pou li ale pale ak paran Mak yo. Men li dwe fè sa ak lide nan tèt li ke l' ap chache rezoud pwoblèm sa a. Pa fè li ak espwa ke yo va santi yo oblije fè kichòy ke li te dwe fè li menm. Kondwit Mak lè li nan lekòl la se responsablite pwofesè a. Nenpòt bagay paran kapab fè pou ede li lakay se yon benediksyon, men responsablite prensipal la rete nan men li menm, kòm pwofesè, ak sa lidwe fè pou rezoud pwoblèm nan.

Apèl sa a se yon apèl ki mande diyite, tanperans ak konsantrasyon, epi li mande tou pou ou bliye tèt ou volontèman. Li tèlman mande anpil sakrifis ak sajès ke sa dwe pouse nou lage tèt nou nan lapriyè devan Jezi Kris ki se sous esprityèl nou. Se pou ou pran kouraj pwofesè ! Anpil moun reyisi nan apèl sa a epi resevwa felisite nan men Mèt Pwofesè a : « Ou travay byen ». Ak bon volonte, ak enspirasyon kontinyèl, ou kapab fè sa tou, epi jwenn plezi ak kè kontan anmenmtan nan sa ou ap fè a, atravè Kris la. Se pou Bondye beni ou.

—East Berlin, Pa.
The Christian School Builder

